



Kimoun ki ka kalifyepou Kredi pou Gadri ak Swen Depandan (Child and Dependent Care Credit)

Pou ane fiskal 2018 ak apre:

- Montan kredi a te ogmante pou kontribyab yo ak revni brit New York ki omwen \$50,000 mwen pa mwens pase \$150,000 epi
- limit sou depans ki kalifye pou kontribyab ak plis pase de (2) moun ki kalifye te ogmante konsa:
 - \$7,500 pou twa (3) moun ki kalifye
 - \$8,500 pou kat (4) moun ki kalifye
 - \$9,000 pou senk (5) oswa plis moun ki kalifye.

Ou gen dwa pou reklame kredi sa a si:

- kalifye pou kredi pou gadri ak swen depandan federal la (ki ou reklame kredi federal la ou pa). Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou reklame kredi sa a, gade Fòm *IT-216, Claim for Child and Dependent Care Credit (Reklamasyon Kredi pou Gadri ak Swen Depandan)*, ak enstriksyon li yo (disponib sèlman nan lang angle).

Konbyen kredi a ye?

Kredi a se yon minimòm 20% kredi federal la oswa li ka depase kredi federal ou a, selon montan revni brit ajiste Eta New York la, kantite moun ki kalifye, ak kantite depans kalifye ou te peye.

Egzijans pou kenbe dosye

Apre nou fin egzaminen deklarasyon taks sou revni ou, nou ka mande w pou w pwouve ou gen dwa resevwa kredi a. Si se sa, ou pral bezwen voye enfòmasyon sa yo bay nou:

- chèk oswa chèk postal (money order) ki anile, ak
- resi pou lajan kach ou te resevwa lè peman an, epi Depatman Taks (Tax Department) ka verifye li.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou egzijans pou kenbe dosye, gade Fòm *DTF-216, Recordkeeping Suggestions for Child Care Expenses (Sijesyon pou kenbe dosye pou Gadri)* (disponib sèlman nan lang angle).

Pou w ka palike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon, gade Fòm *IT-216, Claim for Child and Dependent Care Credit (Reklamasyon Kredi pou Gadri ak Swen Depandan)*, akenstriksyon li yo (sèlman nan lang angle).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou kredi federal la, gade Biblikasyon Federal 503, *Child and Dependent Care Expenses (Depans pou Gadri ak Swen Depandan)*.

Nòt: Si kredi sa a plis pase kantite taks ou dwe a, y ap remèt ou balans la si ou se yon rezidan a tan konplè.